# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 दिसंबर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस सरकार पूर्व प्रधानमंत्री भारत रत्न स्वर्गीय अटल बिहारी वाजपेयी क जन्म सताब्दी समारोह सुसासन सप्ताह के रूप मे मनाई। पचीस दिसंबर ले चले वाले येह समारोह क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में सुभारंभ कइलें। येह मौका पर संवाददाता लोगिन से बतियावत मुख्यमंत्री पूर्व प्रधानमंत्री बाजपेयी के व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर पुरहर चरचा कइलें। उहां के कहलीं कि अटल जी भारतीय राजनीत क अजात सत्रु कहल जाले। अटल जी सुसासन क प्रतीक मानल जाले। उनके समर्पित सुसासन सप्ताह क प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रेरणा से सुभारंभ भइल हउवे जवने में सज्जों जिलन में कई तरह के कार्यक्रम क आयोजन कइल जाई।

**********

प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु मिर्जापुर जिला के बरही गांव पहुंचि के **ग्रीन आर्मी समूह** के महिला लोगिन से भेंटि कइलिन। समूह के महिला लोगि उनके सामने सराब मुक्ति के बारे में नुक्कड़ नाटक पेस कइलिन। येह मौका पर राज्यपाल शहीद चन्द्र प्रकाश के परिवारीजन के तीन लाख रूपिया के चेक देहलिन। उहां के केन्द्र अउर प्रदेस सरकार के कइ गो योजना के लाभार्थियन के चेक आ अउरियो समान बटली।

**********

चंदौली जिला के सैयदराजा नगर पंचायत अउर प्रतापगढ़ जिला के नगरपालिका परिषद बेल्हा सीट पर भइल उपचुनाव में भारतीय जनता पार्टी के ओम्मेदवारन क जीत भइल हउवे। सैयदराजा नगर पंचायत सीट पर भइल ओटे क गिनती में भाजपा ओम्मेदवार आभा जायसवाल निर्दयलीय ओम्मेदवार इशरत खातून के अंनठानबे ओटि से हरा देहलिन । ओहीं नगर पालिका परिषद बेल्हा सीट से भाजपा ओम्मेदवार प्रेमलता सिंह सात हजार चारि सौ छिहत्तर ओटि से समाजवादी पार्टी क ओम्मेदवार राजकुमार सिह उर्फ राय साहब के हरा देहलिन।

**********

रेलवे के पहल पर प्रदेस के प्रवासियनों बदे महाकुंभ में गइले क राहि आसान हो गइल बाटे। मध्य रेलवे प्रदेस के प्रयागराज में होखे वाले महाकुंभ मेला खातिर चौंतीस गो बिसेस रेलगाड़ी चलवले क घोसणा कइले हवे। ई मेला तेरह जनउरी से छबीस फरउरी ले चली। ई विसेस रेलगाड़ी कुल्ही मुम्बई–पुणे, नागपुर आ अउरियों सहरन से चलावल जाई। कुंभ मेला बदे बिसेस रेलगाड़ियन के टिकट बुकिंग बिहने बीस दिसंबर से सुरू होई। येह बिसेस रेलगाड़ियन में बिना रिजर्वेसनों के यात्रा कइल जा सकी। ओहीं महाकुंभ मेला के मौका पर सरधालुअन क सुविधा बदे पूर्वोत्तर रेलवे प्रसासन चारि गो एक्सप्रेस ट्रेन के दस जनवरी से अट्ठाइस फरवरी ले नैनी स्टेसन पर दुई मिनट के अस्थायी ठहराव क फैसिला लिहले हवे। ई जनकारी पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जन संपर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह दिहले ।

**********

बनारस के दीनदयाल उपाध्याय जिला अस्पताल के अपग्रेड कइ के चारि सौ तीस बेड क अस्पताल अउर चिकित्सा महाविद्यालय बनावल जाइ। येह बारे में प्रदेस क उप मुख्यमंत्री अउर स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्री ब्रजेश पाठक आजु एगो समझौता ज्ञापन एमओयू पर दस्तखति कइले। ई एमओयू स्वास्थ्य विभाग अउर दमानी ग्रुप के बिच्चे भइल हउवे। येह मौका पर प्रमुख सचिव स्वास्थ्य पार्थ सारथी सेन शर्मा मौजूद रहले।

**********

मौसम विज्ञान विभाग अगिला पांच दिन ले प्रदेस में मौसम के सुस्क रहले अउर ढेरि राति आ भिन्नही के टाईम कहीं–कहीं हलुक से लेके मध्यम कुहेसा छवले क आगम जतवले हवे। विभाग की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के मोताबिक येह दौरान अधिकतम अउर न्यूनतम तापमानों में कवनो बड़हन बदलाव नाही आई। येह बिच्चे काल्हि ढेरि रात अउर आजु भिन्नही प्रदेस में कई जगहिन पर घना कुहेसा क असर देखल गइल। पूर्वी उत्तर प्रदेस क कई गो जिलन में मंगर के सबसे जियादे अधिकतम तापमान छबीस दसमलव चारि डिग्री सेल्सियस बहराइच जिला में रहल अउर पछिला चौबीस घंटा के दौरान सबसे कम न्यूनतम तापमान छौ डिग्री सेल्सियस अजोध्या जिला में रेकार्ड कइल गइल।

**********

सहजहांपुर जिला के बरेली–फर्रूखाबाद–स्टेट हाईवे पर बितल राति मदनापुर थानाक्षेत्र में भइल एगो सड़क दुर्घटना में एक्के परिवार के पांच जने क मउति हो गइल आ छौ जने अउरियों घाही हो गइले। दुर्घटना ओह समय भइल जब एगो कपड़ा व्यापारी परिवार के साथे कार से दिल्ली जात रहले अउर समने से आ रहल जानवर के बचउले के कोसिस में उनकर कार ट्रक में घुसि गइल।

**********

लखनऊ में भइल कांग्रेस कार्यकर्ता के मउति के मामिला क जांचि सुरू हो गइल बाटे। लखनऊ कमिश्नरेट के मध्य क्षेत्र क उपायुक्त रवीना त्यागी के अगुवाई में पुलिस क एगो दल कांग्रेस के प्रदेस मुख्यालय पहुंचि के आजु मामिला क छानबीन कइलसि। येह मामिला में लखनऊ के हुसैनगंज थानाक्षेत्र में मोकदिमा दर्ज करावल गइल हउवे। गोरखपुर के रहवइया कांग्रेस कार्यकर्ता के काल्हि संदिग्ध परिस्थिति में मउति हो गइल रहे। ऊ कांग्रेस पार्टी की ओरि से आयोजित प्रदर्शन में हिस्सा लेवे बदे लखनऊ गइल रहे।

**********